

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa cara ngungkulan masalah panalungtikan nu dilaksanakeun kalayan dirarancang sarta taliti, kalayan maksud meunangkeun fakta jeung kacindekan sangkan bisa nyangkem, ngajelaskeun, ngaramalkeun, sarta ngendalikeun kaayaan (Syamsuddin, spk, 2009:14).

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Panalungtikan anu maké méthode déskriptif, nya éta panalungtikan anu tujuanana pikeun ngajéntrékeun fénoména anu nyampak kalayan maké angka-angka pikeun nétélakeun karakter individu atawa kelompok (Syamsuddin, spk, 2009:24).

Panalungtikan déskriptif narékahan sangkan bisa ngagambarkeun kalayan sistematis jeung taliti fakta-fakta aktual jeung sipat-sipat populasi anu tangtu, tujuanana pikeun ngungkulan pasualan-pasualan aktual nu disanghareupan ayeuna, sarta ngumpulkeun data atawa informasi pikeun disusun, dipedar, sarta dianalisis (Margono, 2009:8).

Méthode déskriptif digunakeun dina ieu panalungtikan lantaran luyu jeung tujuan nu rék dihontal, nya éta ngadéskripsikeun data anu geus ngumpul, anu satuluyna dianalisis jeung ditafsirkeun; sarta ieu méthode téh baris ngungkulan pasualan anu aktual. Ku lantaran kitu, ieu méthode téh bisa dipaké pikeun maluruh

**Noviana Purwanti, Tahun Penyerahan**

Kamampuh Nulis Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

kamampuh siswa dina ngagunakeun éjahan (maké aksara, nulis aksara, nulis kecap, tanda baca) sarta diksi jeung undak usuk basa Sunda.

Anapon léngkah-léngkah dina panalungtikan, di antarana:

- 1) Ngayakeun obsérvasi ka tempat panalungtikan;
- 2) Nangtukeun sumber data;
- 3) Ngumpulkeun data
- 4) Ngolah data
- 5) Ngadéskripsikeun jeung nyindekeun hasil analisis data.

### **3.2 Teknik Panalungtikan**

#### **3.2.1 Teknik Ngumpulkeun Data**

##### **1) Téknik Tés**

Tés nya éta saruntuyan patalékan, latihan, atawa alat séjén anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegénsi, kamampuh, atawa bakat anu dipibanda individu atawa kelompok (Anderson dina Nurgiyantoro, 1995;59).

Téknik tés mangrupa téhnik nu ngébréhkeun saperangkat rangsangan (stimuli) anu ditujukeun ka saurang jalma kalayan maksud pikeun meunangkeun jawaban anu dijadikeun dasar dina netepkeun skor angka. Dina ieu panalungtikan, téhnik tés digunakeun data kamampuh siswa dina nulis naskah biantara.

### 3.2.2 Teknik Ngolah Data

Léngkah-léngkah dina ngolah data nya éta saperti di handap ieu:

- a. Milah-milah kecap
- b. Kecap-kecap dipasing-pasingkeun sarta diasupkeun kana kartu data
- c. Kecap-kecap tina kartu data diasupkeun kana tabél saluyu jeung klasifikasi anu geus disadiakeun, nya éta makéna kecap, nulis aksara, nulis kecap, tanda baca, pilihan kecap ( diksi) jeung undak usuk basa Sunda.

### 3.3 Data Panalungtikan

#### 3.3.1 Sumber Data

Sumber data panalungtikan nya éta ti mana asalna subjék data ditalungtik (arikunto 2006: 129). Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta murid atawa siswa kelas X-3 SMA PASUNDAN 2 BANDUNG.

#### 3.3.2 Data

Data nya éta catetan kumpulan fakta. Data dina ieu panalungtikan nya éta naskah biantara anu di tulis ku siswa anu aya di kelas X-3 SMA PASUNDAN 2 BANDUNG TAUN AJARAN 2011-2012.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan anu dipaké pikeun ngumpulkeun data ieu panalungtikan nya éta kartu data. Éta kartu data téh dipaké pikeun maluruh kamampuh nulis naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung anu

Noviana Purwanti, Tahun Penyerahan

Kamampuh Nulis Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

ngawengku makéna aksara, nulis aksara, nulis kecap, tanda baca, pilihan kecap, jeung unda usuk basa Sunda.

### 3.4.1 Instrumén Pangumpulan Data

Instrumén pangumpulan data anu mangrupa tés, bisa ditiénan di handap ieu:

Pék ku hidep jieun naskah biantara anu eusina

- a. Sambutan Pupuhu MOS
- b. Sambutan Wawakil Siswa dina Paturay Tineung
- c. Biantara ngeunaan Kabersihan

Pigawé dina kertas nu geus ditangtukeun. Kalawan panjangna paling saeutik sa-kaca maké tatabasa anu merenah tur tulis ngaran jeung kelas!

Tabel 3.1

Patokan Nangtukeun Persentasi keur Skala Lima

Interval Presentasi Tingkat Ngawasa	Nilai Ubah Skala Lima		Keterangan
	0-4	E-A	
85%-100%	4	A	Alus Pisan
75%-84%	3	B	Alus
60%-74%	2	C	Cukup
40%-59%	1	D	Kurang
0%-39%	0	E	Goréng

Noviana Purwanti, Tahun Penyerahan

Kamampuh Nulis Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

### 3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén ngolah datana dina wangun tabel saperti kieu:

Tabél 3.1

#### Kamampuh nulis Naskah Biantara

No Urut siswa	kalimah	Kasalahan						Perséntasi Kasalahan	Perséntasi peunteun	Katégori
		Maké Aksara	Nulis Aksara	Nulis Kecap	Tanda Baca	Diksi	UUBS			

Tabél 3.2

#### Analisis Kamampuh Siswa dina makéna aksara

no	Kecap nu di paké	Kecap sakuduna	Katerangan

Tabél 3.3

#### Analisis Kamampuh Siswa dina nulis aksara

no	Kecap nu di paké	Kecap sakuduna	Katerangan

Noviana Purwanti, Tahun Penyerahan

Kamampuh Nulis Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Tabél 3.4  
Kamampuh nulis kecap

No	Kecap nu di paké	Kecap sakuduna	Katerangan

Tabél 3.5  
Kamampuh nulis tanda baca

No	Kecap nu di paké	Kecap sakuduna	Katerangan

Tabél 3.6  
Kamampuh nulis diksi

No	Kecap nu di paké	Kecap sakuduna	Katerangan

Tabél 3.7  
Kamampuh nulis undak usuk basa Sunda

no	Kecap nu di paké	Kecap sakuduna	Katerangan

Noviana Purwanti, Tahun Penyerahan

Kamampuh Nulis Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

### 3.5 Prosedur Panalungtikan

Léngkah-léngkah anu dipilampah dina ieu panalungtikan ngawengku opat léngkah, nya éta : tatahar, ngumpulkeun data, ngolah data jeung nyusun laporan.

- a. Tatahar
  - 1) Ngasongkeun usulan panalungtikan,
  - 2) Nyusun rarancang panalungtikan,
  - 3) Ngayakeun studi pustaka,
  - 4) Nangtukeun sumber data,
  - 5) Konsultasi jeung dosen pangaping.
- b. Ngumpulkeun data
  - 1) Ngayakeun tés kamampuh nulis naskah biantara,
  - 2) Konsultasi jeung dosen pangaping.
- c. Ngolah data
  - 1) Mariksa sakabéh data anu geus dikumpulkeun,
  - 2) Nganalisis kasalahan nu aya dina biantara,
  - 3) Ngajén kamampuh siswa dina makéna éjahan diksi jeung undak usuk basa Sunda,
  - 4) Ngadéskripsikeun data panalungtikan ngaliwatan kartu data,
  - 5) Konsultasi jeung dosen pangaping.

Noviana Purwanti, Tahun Penyerahan

Kamampuh Nulis Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- d. Nyusun laporan
  - 1) Hasil panalungtikan disusun dumasar aturan anu aya dina karangan ilmiah pikeun nyusun skripsi,
  - 2) Konsultasi jeung dosen pangaping.



**Noviana Purwanti, Tahun Penyerahan**

Kamampuh Nulis Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu)